

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Métođe jeung Désain Panalungtikan

3.1.1 Métođe Panalungtikan

Métode asal kecapna tina basa Yunani '*methodos*' anu hartina jalan atawa cara. Sugiyono (2006:6) nétélakeun yén métode panalungtikan pendidikan nya éta cara ilmiah pikeun meunangkeun data anu palid tina pangaweruh nu tangtu kalayan tujuan bisa kapanggih, dimekarkeun, jeung dibuktikeun, sangkan sawaktu-waktu bisa digunakeun pikeun maham, narékahan, jeung ngantisipasi pasualan dina widang atikan.

Dumasar kana téori di luhur métode mangrupa hiji rarancang anu disusun sacara sistematis pikeun ngalaksanakeun hiji hal. Sangkan ieu panalungtikan ngahasilkeun data anu lengkep jeung luyu kana tujuan anu geus ditangtukeun. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén (ékspérimén semu) kalayan pretest jeung posttest. Dina metode ieu henteu ngagunakeun kelas kontrol, tapi ngan ukur ngagunakeun kelas ékspérimén.

3.1.2 Desain panalungtikan

Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta desain *One Group Pretest-posttest design*. Ieu desain digunakeun di kelas 1 SDIT Ibnu Taimiyah. Tahap kahiji nya éta ngalakukeun pretést pikeun ngukur kamampuh awal murid kelas 1 ngeunaan ngaregepkeun basa Sunda diteruskeun ku prosés diajar-ngajar kalawan ngagunakeun média pembelajaran CD Multimedia Interaktif, anu ahirna ditutup ku ngayakeun posttést pikeun ngukur kamampuh ahir murid sanggeus narima pangajaran ngagunakeun média CD Multimedia Interaktif.

Sanggeus meunang hasil pretést jeung posttést murid tina hasil diajar-ngajar kalawan ngagunakeun média CD Multimedia Interaktif saterusna éta data diolah. Kalawan leuwih jéntré desain panalungtikanana bisa dititénan saperti ieu dihandap.

ONE GROUP PRÉTÉST-POSTTÉST DESIGN

O1 X O2

Keterangan :

O1 = hasil observasi saméméh ngagunakeun média CD interaktif (pretést).

O2 = hasil observasi sabada ngagunakeun média CD interaktif (posttést).

X = perlakuan, nya éta diajar ngaregepkeun ngagunakeun média pembelajaran CD multimedia interaktif.

3.2 Prosedur Panalungtikan

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés ngeunaan kamampuh ngaregepkeun basa Sunda. Suyatna (2002 : 23) tés bisa digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegénsi, jeung kamampuh atawa bakat. Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pretést jeung posttést.

Pretést dilaksanakeun pikeun meunangkeun data kamampuh awal murid ngeunaan bahan ajar anu bakal dijadikeun topik dina prosés pangajaran saméméh maké média CD multimedia interaktif, sarta pikeun mikanyaho tingkat kamajuan murid sahubungan jeung prosés pangajaran anu bakal dilakukeun.

Posttést dilaksanakeun pikeun meunangkeun data kamampuh ahir murid ngeunaan kompetensi ngaregepkeun sanggeus diajar ngagunakeun média CD Multimedia Interaktif.

3.2.2 Instrumén Panalungtikan

Dua hal penting nu mangaruhan kualitas hasil panalungtikan nya éta di antarana, kualitas instrumén panalungtikan, jeung kualitas ngumpulkeun data. Arikunto (1996 : 134) nétélakeun yén instrumén téh nya éta *alat bantu yang dipilih dan digunakan oleh peneliti dalam kegiatannya mengumpulkan agar kegiatan tersebut menjadi sistematis dan dipermudah olehnya*. Cindekna anu dimaksud instrumén panalungtikan nya éta alat bantu anu dipaké pikeun ngumpulkeun data. Jadi fungsi instrumén dina ieu panalungtikan nya éta ngumpulkeun data ngeunaan éféktif henteuna CD multimedia interaktif pikeun média pembelajaran ngaregepkeun ka murid kelas 1 SDIT Ibnu Taimiyah.

Sedengkeun instrumén anu baris digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés. Ieu tés digunakeun pikeun ngukur pangaweruh siswa kelas 1 SDIT Ibnu Taimiyah kana pembelajaran ngaregepkeun saméméh jeung sanggeus narima pangajaran kalawan ngagunakeun média pembelajaran CD multimedia interaktif.

Tés anu bakal dipaké dina ieu panalungtikan nya éta tés objektif tematik sabab dianggap merenah pisan pikeun ngungkapkeun kamampuh hasil diajar-ngajar ngaregepeun sarta bisa dipaké pikeun ngumpulkeun data tina objék panalungtikan kalawan objéktif. Téma anu disodorkeun dina ieu tés nya éta sasatoan, pikeun pretést jeung posttést. Wangun na saperti pilihan ganda (*multiple choice*), jeung eusian singget (*completion*). Conto instrumen tes keur siswa saperti ieu di handap.

Soal tes di bacakeun ku guru, laju murid ngaregepkeun sarta ngajawab soal dina lembar jawaban nu geus dibagikeun saméméhna.

SOAL TÉS

Soal Bagian I

1. Sato nu kabeukina cau. Jawaban : b. Monyét
2. Sato nu ngahasilkeun susu. Jawaban : c. Sapi
3. Manuk nu hirupna ti peuting. Jawaban : a. Bueuk
4. Sato nu asalna tina hileud. Jawaban : c. Kukupu
5. Sato nu matak mérang. Jawaban : c. Hileud

Soal Bagian II

1. Sato nu kabeukina reungit?. Jawaban : b. Bangkong
2. Sato nu kabeukina beurit?. Jawaban : c. Oray
3. Sato nu kabeukina jukut?. Jawaban : c. Kuda
4. Sato nu kabeukina wortel?. Jawaban : a. Kelenci
5. Sato nu kabeukina cacing?. Jawaban : b. Lauk

Soal Bagian III

1. Kongkorongok sora?. Jawaban : Hayam
2. Méong sora?. Jawaban : Ucing
3. Sato nu siga meri?. Jawaban : Éntog
4. Manuk laut nu suku jeung pamatukna panjang?. Jawaban : Bango
5. Sato nu siga domba tapi janggotan?. Jawaban : Embé

LEMBAR JAWABAN KEUR MURID

Wasta :

Kelas :

I. Pilih jawaban nu bener!

1. a. Sapi
b. Monyét
c. Hileud
2. a. Hayam
b. Lauk
c. Sapi
3. a. Bueuk
b. Bango
c. Ucing
4. a. Kuda
b. Oray
c. Kukupu
5. a. Bangkong
b. Éntog
c. Hileud

II. Pilih jawaban nu bener!

1. a. Kuda
b. Bangkong
c. Kelenci
2. a. Embé
b. Hileud
c. Oray
3. a. Lauk
b. Monyét
c. Kuda
4. a. Kelenci
b. Kukupu
c. Ucing
5. a. Bango
b. Lauk
c. Hileud

III. Lengkepan ku a, i, u, é, o, e,**atawa eu**

1. H _ y _ m
2. U c _ n g
3. _ n t o g
4. B a n g _
5. _ m b é

3.3 Populasi jeung Sampel Panalungtikan

3.3.1 Populasi Panalungtikan

Populasi nya éta wilayah generalisasi nu ngawengku objék atawa subjék nu miboga kualitas jeung karakteristik nu tangtu pikeun ditalungtik tuluy dicokot kacindekanana. Jadi, populasi lain ngan ukur jalma, tapi ogé objék atawa benda-benda alam lian (Sugiono2006:117). Populasi ieu panalungtikan nya éta murid SDIT Ibnu Taimiyah kelas 1.

3.3.2 Sampel Panalungtikan

Sugiono (2005:118) nyebutkeun yén sampel nya éta bagian tina jumlah jeung karakteristik nu dipimilik ku populasi. Sampel atawa conto nya éta himpunan bagian (subsét) tina hiji populasi Gulo (2005:78) .

Dumasar kana wangenan sampel diluhur, téhnik nu dipaké pikeun nyokot sampel nya éta sampel acak sederhana (*simple random sampling*), disebut sederhana lantaran *pengambilan* anggota sampel tina populasi dilakukeun sacara acak tanpa merhatikeun strata nu aya dina éta populasi. Anu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan nya éta 30 urang murid kelas 1 di SDIT Ibnu Taimiyah.

3.4 Téhnik Ngolah Data

Data anu dikumpulkeun ti murid ngaliwatan instrumén panalungtikan mangrupa hasil kamampuh awal (pretést) jeung kamampuh ahir (posttést) murid kelas 1 SDIT Ibnu Taimiyah anu ngagunakeun média CD multimedia interaktif, pikeun nguji hipotésis. Ku sabab kitu, data perlu diolah jeung dianalisis luyu jeung kapentingan panalungtikan.

Hasil diajar murid ngagunakeun media CD multimedia interaktif bisa katingali tina peunteun pretest jeung posttest. Peunteun murid mangrupa ebrehan kamampuh ngaregepkeun dina ngawasa materi pangajaran ngaregepkeun sora basa samemeh jeung sanggeus ngagunakeun media CD multimedia interaktif. Pedoman pikeun meunteun tés ngaregepkeun bisa ditingali dina tabél 3.1 di handap.

Tabél 3.1
PEDOMAN MEUNTEUN NGAREGEPKEUN

Kamampuh Ngaregepkeun	Skor	Tingkat	Keterangan
Ngaregepkeun jeung ngabédakeun sora basa	5	Hadé Pisan	Ngarti Pisan
	4	Hadé	Ngarti
	3	Sedeng	Ngarti kalawan ngawates
	2	Kurang	Kurang ngarti
	1	Kurang Pisan	Teu Ngarti
Jumlah skor	5-1		
Peunteun	15-1		

Skala Likert (Ridwan, 2007:12)

Kacindekan Skor :

Hadé pisan : 15-13

Hadé : 12-10

Sedeng : 9-7

Kurang : 6-4

Kurang pisan : 3-1

3.5 Uji Sipat Data

3.5.1 Uji Normalitas

Numutkeun Sudjana (189:150) uji normalitas nya éta pikeun nguji distribusi populasi. Pikeun nguji distribusi chi-kuadrat. Salian ti éta pikeun mikanyaho normal heunteuna data anu geus dikumpulkeun, léngkah-léngkahna saperti kieu.

1. nyieun table frekuensi skor prétest jeung posttest kalayan ngagunakeun tabel.

<i>Peunteun (x)</i>	<i>f</i>	<i>fx</i>	<i>fx²</i>
T1			
T2			
Σ			

2. ngitung rata-rata (*mean*) skor prétest jeung posttest.

$$M = \frac{\sum fx}{N}$$

3. neangan standar déviasi ngagunakeun rumus.

$$SD = \sqrt{\frac{N(\sum fx^2) - (\sum fx)^2}{N(N-1)}}$$

4. nyieun frékuensi observasi jeung frékuensi ékspéktasi, léngkah-léngkahna nya éta

- a. Nangtukeun *rentang (r)* ngagunakeun rumus:

r = peunteun panggedéna – peunteun pangleutikna

b. Ngitung *jumlah kelas* (k) ngagunakeun rumus:

$$k = \frac{r}{p} + \leq 1$$

c. Nangtukeun *panjang kelas* (p) cara milih angka ganjil 1,3,5,7, 9 ...

d. Nangtukeun *kelas frékuensi observasi* (O_i)

e. Nangtukeun *batas kelas* (bk)

f. Nangtukeun z (*transformasi normal standar bébas kelas*) ngagunakeun

rumus:

$$z = \frac{(bk - x)}{sd}$$

g. Nangtukeun *legana unggal kelas interval* (L)

h. Ngitung *frékuénsi ékspéktasi* (E_i) ngagunakeun rumus:

$$E_i = N \times L \text{ (dijieun hiji désimal)}$$

i. Nangtukeun *nilai X^2* (*chi kuadrat*).

$$\chi^2 = \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

5. nangtukeun *derajat kabébasan* (db) ngagunakeun rumus:

$$db = k - 3$$

6. nangtukeun *chi kuadrat* (x^2) tina daftar.

7. nangtukeun *normalitas* ngagunakeun kritéria:

a. Upama $\chi^2_{itung} < \chi^2_{daftar}$, hartina *data atawa populasi distribusina normal*

b. Upama $\chi^2_{itung} > \chi^2_{daftar}$, hartina *data atawa populasi distribusina teu normal*.

3.5.2 Uji Homogenitas

Tujuan tina uji homogénitas nya éta pikeun mikanyaho homogén henteuna variasi sampel tina populasi nu sarua. Sarua jeung uji normalitas pikeun nangtukeun homogén henteuna data ngagunakeun rumus Chi kuadrat kalayan léngkah-léngkah saperti di handap.

1. Néangan nilai F maké rumus.

$$F = \frac{Sb^2}{Sk^2}$$

Katerangan :

F = Harga variasi nu rék di téangan.

Sb^2 = Variasi nu leuwih gedé.

Sk^2 = Variasi nu leuwih leutik.

2. Ngitung *derajat kebebasan* (db) maké rumus: $db = n - 1$
3. Nangtukeun *harga F tabél*
4. Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria:

$F_{\text{tabel}} < F_{\text{daftar}}$ hartina data homogén

$F_{\text{tabel}} > F_{\text{daftar}}$ harti data teu homogén

3.5.3 Uji Gain

Uji gain dilaksanakeun pikeun mikanyaho naha aya béda antara peunteun pré-tést saméméh ngagunakeun média CD multimedia interaktif jeung post-tést sanggeus ngagunakeun média CD multimedia interaktif.

3.5.4 Uji Hipotésis

Pikeun nguji hipotésis, léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

1. Nyieun tabél uji jumlah rata-rata prétést jeung posttést
2. Nééangan béeda méan tina prétést jeung posttést kalawan ngagunakeun rumus:

$$Md = \frac{\sum d}{N}$$

3. Ngitung *derajat kebébasan* (db) kalawan rumus :

$$db = n - 1$$

4. Ngitung *t* itung kalawan rumus:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{N}$$

5. Ngabuktikeun hipotésis

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(N-1)}}}$$